



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI RAPLE VWAYAJÈ
ENTÈNASYONAL KI AP VINI NEW YORK YO SOTI NAN PEYI KI NAN NIVO 2 AK 3
YO POU METE YO AN KARANTÈN EPI POU YO RANPLI FÒM POU VWAYAJ LA**

Dekrè Egzekitif Gouvènè a vini apre desizyon CDC a pou li retounen sou mezi depistaj yo nan ayewopò yo ak ogmantasyon ka COVID-19 yo nan tout monn lan

Depatman Sante Eta New York la pral sansibilize vwayajè entènasional yo sou egzijans karantèn ki an vigè yo

Mezi a amelyore efò aplikasyon New York yo epi li fonde sou avètisman vwayaj COVID-19 pou Eta ki genyen pwopagasyon siyifikatif viris la nan tout kominote yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon dekrè egzekitif ki raple vwayajè entènasional ki ap antre New York soti nan peyi ki nan Nivo 2 ak 3 yo pou yo mete yo an karantèn epi pou yo ranpli fòm sante vwayajè Depatman Sante Eta New York (NYS Department of Health, DOH) la pou anpeche plis pwopagasyon COVID-19 la pandan peyi yo nan tout monn lan ap eksperimente dezyèm vag alaman konsènan viris la. Eta New York te egzije depi mas 2020 yon karantèn obligatwa pou nenpòt vwayajè ki ap antre New York soti nan peyi ki nan Nivo 2 oswa Nivo 3 yo - rete sèlman 31 peyi nan monn lan. Dèske Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) a kontinye retounen sou mezi depistaj yo nan ayewopò ki aksepte vòl entènasional yo, mezi sa a nesesè pou asosye vwayajè yo ak Depatman Sante lokal ki apwopriye a nan objektif pou retrase kontak. Komisè Sante a pral pwolonje Dekrè Sante Ijans (Emergency Health Order) lan ki pral otorize enpozisyon penalite sivil si moun yo refize ranpli fòm ki obligatwa a. Pou ranpli fòm Sante Vwayajè Depatman Sante (Department of Health Traveler Health form) a anliy, vwayajè yo ta dwe vizite [isit la](#).

"Desizyon CDC a pou mete fen nan depistaj amelyore nan ayewopò yo, ansanm avèk ogmantasyon ka alaman nan peyi yo nan tout monn lan, reprezante yon menas anplis pou pwogrè New York la nan lagè kont COVID-19 la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Dekrè Egzekitif jodi a pral egzije Depatman Sante a pou li sansibilize tout vwayajè ki soti nan peyi ki nan Nivo 2 ak Nivo 3 yo sou egzijans karantèn obligatwa yo, epi tou pou egzije vwayajè entènasional yo pou yo konplete Fòm Sante Vwayajè DOH la pou ede nan gwo efò Eta a pou retrase kontak epi anpeche plis pwopagasyon COVID."

31 peyi ki pa anba dekrè egzekitif Gouvènè a ak egzijans karantèn obligatwa a nan lis anba la a:

- American Samoa
- Anguilla
- Bonaire
- Brunei
- Cambodia
- Cayman Islands
- Dominica
- Falkland Islands
- Fiji
- Guernsey
- Greenland
- Grenada
- Isle of Man
- Laos
- Macau SAR
- Marshall Islands
- Mauritius
- Micronesia
- Montserrat
- New Caledonia
- New Zealand
- Palau
- Saba
- Saint Barthelemy
- Saint Kitts and Nevis
- Saint Lucia
- Saint Pierre and Miquelon
- Sint Eustatius
- Taiwan
- Thailand
- Timor-Leste

Dekrè egzekitif jodi a amelyore efò aplikasyon aktyèl New York yo epi li fonde sou Avètisman Vwayaj domestik pou COVID-19 ki gen siksè a pou Eta yo ki genyen yon nivo siyifikatif pwopagasyon viris la nan tout kominote yo. Avètisman an egzike moun ki te vwayaje New York soti nan zòn ki gen pwopagasyon kominotè siyifikatif pou you mete yo an karantèn pandan 14 jou. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon zòn ki gen yon pouvantaj tès pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon zòn ki gen yon pouvantaj 10 pouzan oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)